**दिन–शनिवार** **दिनांक–15.06.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

———————————————————————————————————————

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी उन्नैस जून के एक दिवसीय दौरा पर बिहार आबि रहल छथि। श्री मोदी राजगीर स्थित अंतर्राष्ट्रीय नालंदा विश्वविद्यालय के नवनिर्मित परिसरक उद्घाटन करताह। श्री मोदी विश्वविद्यालयक छात्र लोकनि के सम्बोधित सेहो करताह। नालंदा के जिलाधिकारी वैभव श्रीवास्तव जनौलनि जे प्रधानमंत्री के प्रचीन नालंदा विश्वविद्यालयक भग्नावशेष सभक अवलोकन करबाक सेहो कार्यक्रम अछि।

———————————————————————

अठारहम लोकसभाक पहिल संसदीय सत्र एहि मासक चौबीस तारीख सँ शुरू होयत। संसदीय कार्य मंत्री किरेन रिजिजू कहलनि जे सरकार संसदक कार्यवाही सुचारू ढंग सँ चलेबाक लेल सभ राजनीतिक दल आ सदस्य लोकनिक संग मिलिकऽ काज करबाक लेल तैयार अछि। श्री रिजिजू कहलनि जे संसदक पहिल सत्र मे नव निर्वाचित सांसद लोकनिक शपथ ग्रहण, लोकसभा अध्यक्ष चुनाव आ पुनः संसद के दुनू सदन मे राष्ट्रपति के अभिभाषण होयत।

———————————————————————

केन्द्रीय कृषि मंत्री शिवराज सिंह चौहान कहलनि अछि जे प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अठारह जून के पीएम किसान सम्मान निधि योजनाक अंतर्गत नओ करोड़ तीन लाख किसान लोकनिक खाता मे लगभग बीस हजार करोड़ टाका अंतरित करताह। नव दिल्ली मे संवाददाता लोकनि सँ वार्ता करैत श्री चौहान कहलनि जे पछिला दस वर्षक दरमियान एगारह करोड़ किसान लोकनिक बैंक खाता मे तीन लाख करोड़ टाका पठाओल जा चुकल अछि। श्री चौहान कहलनि जे ओ अठारह जून के प्रधानमंत्री के कार्यक्रम मे सम्मिलित हेबाक लेल सभ मुख्यमंत्री लोकनि के पत्र लिखलनि अछि।

—————————————————————————————————————

केन्द्रीय कपड़ा मंत्री गिरिराज सिंह कहलनि अछि जे बिहार मे उद्योग धंधा के व्यापक संभावना अछि। श्री सिंह आइ पटना मे राज्यक उद्योग मंत्री आ वरीय अधिकारी लोकनिक संग उच्च स्तरीय समीक्षा बैसक के बाद संवाददाता लोकनि सँ गपशप कऽ रहल छलाह। ओ कहलनि जे राज्य मे नव उद्योगक स्थापन कऽ रोजगार के अवसरि उत्पन्न कयल जायत।

—————————————————————————————————————

साहित्य अकादमी एहि वर्षक साहित्य अकादमी बाल साहित्य पुरस्कार आ साहित्य अकादमी युवा पुरस्कारक घोषणा कऽ देलक अछि। साहित्य अकादमी बाल साहित्य पुरस्कारक लेल चौबीस लेखक आ साहित्य अकादमी युवा पुरस्कारक लेल तेईस लेखक लोकनिक चयन कयलक अछि। साहित्य अकादमी जनौलक जे सभ चयनित लेखक लोकनि के पचास हजार टाका आ एक ताम्र पट्टिका प्रदान कयल जायत। मैथिली भाषा मे साहित्य अकादमी बाल साहित्य पुरस्कार प्रख्यात लेखक नारायणजी के हुनक कहानी संग्रह अनार के लेल देल जायत। ओ मधुबनी जिलाक घोघरडीहा के रहऽवला छथि। ओतहि, मैथिली भाषा मे साहित्य अकादमी युवा पुरस्कारक लेल मधुबनी जिलाक ननोर गाम निवासी रिंकी झा ऋषिका के चयन कयल गेल अछि। हुनका हुनक कविता संग्रह नदी घाटी सभ्यताक लेल ई पुरस्कार प्रदान कयल जायत।

—————————————————————————————————————

पटना मे आइ सँ दू दिवसीय राज्यस्तरीय आम महोत्सव—आमोत्सव शुरू भेल। राजभवन परिसर मे आयोजित एहि महोत्सवक उद्‌घाटन राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर कयलनि। श्री आर्लेकर कहलनि जे बिहार मे आमक उत्पादन, विपणन आ प्रसंस्करणक अपार संभावना अछि। एहि महोत्सव मे आमक तीन सय सँ बेसी किस्म के प्रदर्शनी सेहो लगाओल गेल अछि। महोत्सव मे एक हजार सँ बेसी किसान, उद्यान आ बागवानी विशेषज्ञ तथा वैज्ञानिक भाग लऽ रहल छथि।

—————————————————————————————————————

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जम्मू कश्मीर के नौशेरा मे पदस्थापित मधेपुरा निवासी भारतीय सेना के हवलदार पवन कुमारक शहादत पर अपन शोक व्यक्त कयलनि अछि। नीतीश कुमार कहलनि जे शहीद हवलदारक संबंधित आश्रित के राज्य सरकारक दिस सँ अनुमान्य अनुग्रह अनुदान देल जायत आ हुनका पुलिस सम्मान सँ अंतिम संस्कार कयल जायत। एम्हर, शहीद हवलदार पवन कुमारक पार्थिव शरीर आइ पटना हवाई अड्डा पर पहुँचल जतऽ जिलाधिकारी शीर्षत कपिल अशोक हुनका श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि।

———————————————————————————

नीट परीक्षाक कथित पेपर लीक मामिला के लऽकऽ छात्र लोकनि आइ पटनाक दिनकर गोलम्बर के लऽग प्रदर्शन कयलनि। एहि दरमियान पुलिस हल्का बल प्रयोग कऽ प्रदर्शनकारी छात्र लोकनि के हटौलनि। एम्हर, सहरसा के वीर कुँवर सिंह चौक के लऽग अखिल भारतीय विद्यार्थी परिषद सेहो विरोध प्रदर्शन कयलक।

———————————————————————————

प्रदेशक दक्षिणी हिस्सा मे भीषण गर्मी आ लू सँ जनजीवन अस्त–व्यस्त भऽ गेल अछि। मौसम विभागक अनुसार राज्यक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य क्षेत्र मे गर्म दिवस जकाँ परिस्थिति बनल अछि। पछिला चौबीस घंटाक अंतर्गत पैंतालीस दशमलव नओ डिग्री सेल्सियस उच्चतम तापमान बक्सर आ भोजपुर मे दर्ज कयल गेल। ओतहि, दोसर दिस राज्यक उत्तर–पूर्वी भाग मे कतेको ठाम हल्का सँ मध्यम वर्षा भेल अछि। किशनगंज के दीघलबैंक मे सभ सँ बेसी चौबीस दशमलव दू मिलीमीटर वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल अछि। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे राज्यक दक्षिणी हिस्सा मे लू के स्थिति बनल रहत। ओतहि, उत्तर–पूर्वी आ दक्षिणी–पूर्वी हिस्सा मे किछु ठाम तेज हवा के संग वर्षा हेबाक पूर्वानुमान अछि।

———————————————————————————

समाप्त